# ТҮРКИЙ ТИЛЛЕРДЕ ГЕНДЕР ЛИНГВИСТИКАСЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЛИЎ БАҒДАРЛАРЫ

***Злиха Рзамуратова***
*ӨзР ИА ҚҚ бөлими Қарақалпақ*
*гуманитар илимлер-илим изертлеў*
*институты таяныш докторанты*

**Аннотация**. Бу мақолада дунё тилшунослигида тадқиқотларнинг антропоцентристик ёндашув асосида олиб борилиши натижасида гендерга оид тадқиқотлар олиб бориш катта аҳамият касб етувчи долзарб масала даражасига көтарилганлиги ҳақида маълумотлар берилган. Шунингдек, гендерга оид тадқиқотларнинг туркий тилларда олиб борилганлиги ва қанчалик натижаларга ега бўлганлиги ҳақида, янги йўналишлардан бири бўлган гендер лингвистикасининг тадқиқ етилиши, ўзига хос хусусиятларининг аниқланиши, гендер маносини англатишта қўлланилувчи лингвистик воситалар ҳам таҳлиль қилинган.

**Таянч сўзлар.** Гендер, гендер лингвистика, антропоцентризм, психолингвистика, когнитив лингвистика, лингвоперсонология, теолингвистика, синергетика, структурализм, прагматика.

**Аннотация**. В данной статье приводится информация о том, что в результате проведения исследований в мировой лингвистике на основе антропоцентрического подхода проведение гендерных исследований стало актуальным вопросом большой важности. Также информация о проведенных гендерных исследованиях на тюркских языках и сколько было получено результатов. Также анализируются исследования гендерной лингвистики, являющейся одним из новых направлений, выявление ее специфических особенностей, языковых средств, используемых для передачи значения гендера.

**Ключовое слова.** Гендер, гендерная лингвистика, антропоцентризм, психолингвистика, когнитивная лингвистика, лингвоперсонология, теолингвистика, синергетика, структурализм, прагматика.

**Annotation**. This article provides information that as a result of research in world linguistics based on an anthropocentric approach, gender research has become an urgent issue of great importance. Also information about the conducted gender studies in Turkic languages and how many results were obtained. It also analyzes the research of gender linguistics, which is one of the new directions, the identification of its specific features, linguistic means used to convey the meaning of gender.

**Keywords.** Gender, gender linguistics, anthropocentrism, psycholinguistics, cognitive linguistics, lingvopersonology, theolinguistics, synergetics, structuralism, pragmatics.

Ҳәзирги лингвистикалық парадигмада «гендер» түсиниги басқа гуманитарлық илимлерге қарағанда кейинирек, атап айтқанда, өткен әсирдиң

ақырында көрине баслады. Бүгинги күнде дүнья тил билиминиң раўажланыў контекстинде антропоцентристлик бағдарларда бирқанша изертлеўлер алып барылмақта. Атап айтқанда, лингвофольклористика, лингвокултурология, теолингвистика, нейролингвистика сыяқлы бир қатар жаңа бағдарларда изертлеўлер алып барылмақта. Көркем дискурстың жаратылыў, түсиниклерге ийе болыў ҳәм сәўлелендириў процеслеринде инсан факторы ҳәм әтирап орталықтың өз ара тәсири мәселелерин үйрениў пәнлер аралық усы барлық бағдарларды байланыстырып турады.

Өткен әсирдиң 60-жылларының ақыры 70-жыллардың басынан баслап гендерлик изертлеўлердиң раўажланыўына жол ашылды. Буның тийкарғы себеплеринен бири илимий парадигманың структурализмнен прагматикалық бағдарда үйрениўге алмасыўы болып есапланады. Сонлықтан да, тил билиминдеги мәселелердиң структуралық өзгешеликлерин үйренип қоймастан, тил бирликлерин прагматикалық көзқараста изертлеў жүзеге келди ҳәм өз раўажланыў бағдарларына ийе болды.

Ҳәзирги дәўир лингвистикасында тилди антропоцентристлик парадигмада үйрениўге айрықша дыққат аўдарылмақта. Өйткени, тил адамзаттың раўажланып, жоқары дәрежелерге ерисиўине мүмкиншилик жаратады. Жәмийеттиң раўажланыўы ҳәм тил билиминиң функциясының кеңейиўи себепли жаңадан-жаңа илим тараўлары пайда болмақта ҳәм бул жаңа бағдарлардың арасында гендер лингвистикасы мәселеси ажыралып турады.

«Гендер» түсиниги америкалы психоаналитик илимпаз Р.Столлер тәрепинен 1968-жылы илимге киргизилди. Ол өз илимий мийнетин «Жыныс ҳәм гендер» деп атады. Бирақ, ол бул мийнетинде жыныс ҳәм гендер ортасындағы айырмашылықты ажыратып көрсетпеди, лекин Г.Рубин, Р.Унгер [7] өз изертлеўлеринде жыныс ҳәм гендер ортасындағы терминлик өзгешеликти ажыратып, дәслепки түсиниклерди береди.

Гендер лингвистика - илимий жөнелистеги гендер изертлеўлери қурамына кирип, лингвистикалық түсиниклер жәрдеминде гендерди үйренеди. Гендер көп аспектли түсиник болғанлықтан, көп ғана тараўлардың изертлеў объекти менен тығыз байланыслы. Атап айтқанда, социология, психология, когнитив лингвистика сыяқлы пәнлер де гендерлик өзгешеликлерге байланыслы изертеленеди.

Гендерология ҳәм гендер лингвистикасы бағдарларының түрли жөнелислеринде изертлеў алып барыў дүнья еллеринде әллеқашан басланған. Түркий тиллерде соның ишинде, татар тилинде изертлеўши Хузина Енджениң татар тилиндеги нақыл-мақал ҳәм афоризмлердиң гендерлик өзгешеликлери ҳаққындағы мийнети бар. Сондай-ақ, туўысқан қазақ тил билиминде гендер мәселесиниң изертленилиўи бойынша Б.Ҳасан улы, Г.Шоқым, Г.В.Мамаева, З.Сабитова сыяқлы илимпазлар өз изертлеўлерин алып барған. Әсиресе, қазақ тил билиминдеги гендерлик өзгешеликлер бойынша Б.Ҳасан улының алып барған изертлеўлери айрықша. Ол қазақ тилиндеги белгили сөз шеберлериниң

шығармаларындағы гендерлик өзгешеликлерди ашып бериў ҳәм қазақ тил билиминдеги гендерлик өзгешеликлердиң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў бағдарларын айрықша үйрениўге ҳәрекет етти. [6] Сондай-ақ, илимпаз Гүлжан Шоқым гендер мәселесине байланыслы комплекс мағлыўматлар береди. Ол изертлеў жумысында гендер мәселеси ҳәм оның қазақ тил билиминдеги өзгешеликлери ҳаққында өз көзқарасларын билдиреди.[8]

Сондай-ақ, XIX әсирде Шығыс мәдениятында ҳаялларға мүнәсебет мәселелерине байланыслы көзқараслар жүзеге келген еди. Буны өзбек әдебияттаныўында айрықша орынға ийе болған Дилшод Барно, Анбар Отинлардың дөретиўшилиги мысалында да гүзетиўимиз мүмкин. Усындай жоқары талантқа ийе шайыралардың дөретиўшилиги ҳәм дүньяқарасларының жоқары екенлиги бул мәселениң кең көлемде қолға алынып, изертлениўине түртки болды. Өзбек тилши илимпазларынан: М.Қурбанова, З.Хожиева, Ш.Искандарова, И.Төхтасинов, Г.Ергашева, М.К.Халикова сыяқлы илимпазлардың бул мәселе бойынша илимий жумыслары бар. Н.Бекмуҳаммедова, Б.Юлдашев, К.Ражабов, М.Исаева сыяқлы изертлеўшилердиң бул мәселеге байланыслы бир қатар илимий мақалалары бар, бул изертлеўлердиң барлығы гендерлингвистиканың қәлиплесип, раўажланыў басқышларын тереңирек үйрениўге тийкар болып хызмет етеди. Бул мийнетлерде салыстырмалы түрде еки тилдеги гендерлик өзгешеликлер де үйренилген, яғный фразеологиялық бирликлер системасында гендер компонентлер этимологиясы анықланған, [4] ер ҳәм ҳаяллардың жәмийетлик ҳәм шаңарақлық мүнәсебетлер шеңбериндеги гендерлик роллери ҳаққында сөз болады. Сондай-ақ, лексикография тараўында гендерлик терминлер системасының дүзилиўи айрықша үйрениледи.[1]

Сондай-ақ, Ш.Искандарованың “Ўзбек нутқ одатининг мулоқат шакллари” темасындағы диссертация жумысында ҳаял ҳәм ерлерге тән айырым лингвистикалық парықлар ҳәм “Ўзбек тили лексикасини мазмуний майдон сифатида ўрганиш” темасындағы докторлық диссертациясында сондай-ақ, оның “Аёллар нутқида ундов сөзларнинг қўлланилиши”, “Ўзбек нутқ одобини ифодаловчи паралингвистик воситалар” атлы мақалаларында ҳаяллардың коммуникатив процестеги түрли өзгешеликлерин ашып бериўши факторларға тоқтап өткен.

Ф.Мусаева болса, өзиниң “Өзбек тилинде биологиялық жынысты аңлатыўдың лексикалық-семантикалық усылы” атлы мақаласында еркек ҳәм ҳаял жынысы мәнисин аңлатыўшы лексемалар ҳаққында мағлыўмат берген.

М.Қурбанова ҳәм С.Боймирзаева биргеликте “Тилшуносликда гендер тадқиқотлар” атамасындағы мақаласы, сондай-ақ, М.Қурбанова, Н.Ражабова “Дискурснинг гендер хухусиятлари” атамасындағы илимий мақалалаларын жәмийетшиликке усынады. Буннан тысқары, Н.Бекмуҳаммедованың “Танишув эълонларида учрайдиган хулқ стереотипларининг гендер аспекти хусусида”, Ш.Султонова “Бадиий асарларда аёллар нутқининг тасирчанлигини ифодалаш воситалари”, М.Исаева “Бадиий диалогик нутқда

қўлланувчи бази вулгаризмларнинг гендер хухусиятлари ҳақида” атамасындағы илимий мақалаларында бул мәселеге айрықша тоқтап өтти.

Соның менен бирге, Г.Ергашева өзиниң кандидатлық жумысында инглиз ҳәм өзбек тилиниң фразеологиялық ҳәм паремиологиялық системасына тән ҳаял ҳәм еркек түсиниклериниң гендер, прагматикалық ҳәм когнитив өзгешеликлерин ашып бериўге ҳәрекет етти. Г.Ергашева «Гендер мүнәсебетлерин үйрениў мәмлекетимизде мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилген, себеби гендер мәселеси мәнәўиятты арттырыў, өзликти аңлаў, инсан ҳуқуқларын жоққа шығармаў сыяқлы мәселелерди аңлатады»- деп гендер лингвистикасының әйне бүгинги күндеги әҳмийетиниң қаншелли дәрежеде екенлигин ашып бериўге ҳәрекет етеди.

Солай етип, гендер лингвистикасы түркий тиллерде усы күнге шекем изертлеў объектине алынып, бирқанша изертлеў жумыслары алып барылған. Лекин, бизиң қарақалпақ тил билиминде бул мәселе бойынша арнаўлы бирде-бир изертлеў жумысы алып барылмады. Сонлықтан да, бул мәселе айрықша үйренилиўди талап ететуғын актуал мәселелерден болып қалмақта.

Қарақалпақ тили бай тарийхқа ҳәм бай сөзлик қорға ийе. Тилимиздиң бай ғәзийнелеринен болған нақыл-мақал яки фразеологиялық сөз дизбеклери арқалы гендерлик мазмун аңлатылған қатарларды жыйнаў, тилимиздеги гендерлик өзгешеликке ийе болған мысалларды топлап анализлеў, ер ҳәм ҳаялларға байланыслы қолланылатуғын тиллик бирликлерди ажыратып, гендерлик өзине тәнликти жүзеге шығаратуғын грамматикалық өзгешеликлер де үйренилиўи тийис.

Жуўмақлап айтқанда, гендер теңлик глобал мәселелерден болған бир дәўирде түрли илим тараўларындағы гендерлик парықларды, соның ишинде, гендерлик лингвистиканың түрли өзгешеликлерин үйрениў айрықша әҳмийетке ийе.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Эргашева Г. Турли тизимдаги тилларда гендерга оид терминологиянинг шаклланишида лингвистик ва экстралингвистик омиллар. Фил.фан.докт. DSc. 2017.
2. Курбонова М. Гендеролингвистик тадқиқ янги парадигма сифатида. Ozbek til va adabiyoti, №2 son.
3. Кирилина А.В. Гендер: Лингвистические аспекты (монография) Москва. 1999
4. Насруллаева Н. Инглиз ва ӯзбек тилларида оламнинг фразеологик манзарасида гендер концептларининг шаклланиши. Фил.фан.докт. DSc. 2018.
5. Хасан улы Б. Гендерлик лингвистика және Мәшкур Жусип Көпей улы шығармашылығының гендерлик сыны. Сборник материалов международный научно-практической конференции. Павлодар. 2005.
6. Хасан улы Б. Қазақ тил билиминде гендерлик бағытты қалыптастырыӯдың өзекти мәселелери. Психолингвистика және

әлеўметтик тил билими. Халықаралық конференция материалдары. Алматы. 2003.
7. Шокым Г. Гендерлик лингвистика негиздери. «Экономика баспасы», Алматы, 2012.
8. Шокым Г. Тил билиминдеги гендер мәселелери Известия НАН РК №6, 2006. 24-25-б.